



Pou Piblikasyon Imedya: 22/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN POU TRANSFÒME EKONOMI AK MENDÈV  
NEW YORK NAN KAD BIDJÈ ANE FISKAL 2025 KI ADOPTE A**

**Investisman kapital 500 milyon dola nan Konplèks NanoTech Albany, NY  
*CREATES pou relanse patenarya 10 milya dola pou rechèch nan kat pis pwochèn  
jenerasyon yo***

**Investisman 200 milyon dola pou soutni kat Sant Fòmasyon nan Fabrikasyon  
Avanse ON-RAMP pou prepare Nouyòkè yo pou travay alavni yo**

***Elaji Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil, NY Forward, FAST NY ak Restore NY –  
Siyati nan pwogram devlopman ekonomik pou katalize kwasans ekonomik nan  
tout eta a***

***80 milyon dola finansman kapital pou ranfòse sektè atistik ak kiltirèl yo epi sipòte  
nouvo inisyativ atistik piblik yo***

***Sipòte opòtinite pou pwopriyete biznis yo pou Nouyòkè ki fèt aletranje yo atravè  
opòtinite viza inivèsite yo patwone ak yon nouvo Sant Antreprenarya Vityèl pou  
Imigran***

***30 milyon dola pou sipòte jounal ak djòb nan jounalis odyovizyèl***

***Apiye angajman Gouvènè Hochul pou tabli yon ekonomi 21yèm syèk modèn nan  
Eta New York***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plan li pou transfòme ekonomi ak mendèv New York nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 ki adopte a. Bidjè a genyen ladan l yon investisman kapital 500 milyon dola pou relanse yon patenarya 10 milya dola pou rechèch sou kat pis pwochèn jenerasyon yo; yon investisman 200 milyon dola pou soutni kat Sant Fòmasyon nan Fabrikasyon Avanse ON-RAMP (One Network for Regional Advanced Manufacturing Partnerships) epi prepare Nouyòkè yo pou travay alavni yo; epi devlope Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI), NY Forward, FAST NY, ak Restore NY yo pou katalize kwasans ekonomik atravè Eta New York. Bidjè a ajoute tou 80 milyon dola finansman kapital pou

ranfòse sektè atistik ak kiltirèl yo, sipòte nouvo inisyativ atistik piblik yo, epi bay nouvo sipò pou antreprenè imigran yo.

“Biznis ak travayè New York se kolòn vètebral ekonomi eta nou an, epi bidjè sa genyen ladan l gwo investisman inik k ap ede yo kontinye pwospere,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Soti nan sipòte rechèch nan kat pis nouvèl jenerasyon yo rive nan yon rezo sant fòmasyon pou prepare travayè yo pou lavni, New York ap bouje tèt devan pou konstui yon ekonomi 21yèm syèk modèn ki kreye travay ki byen peye, ranfòse kominote nou yo, epi sekirize yon avni finansye pou jenerasyon Nouyòkè yo.”

### **Investi nan Rechèch nan Kat Pis Nouvèl Jenerasyon yo**

Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 ki adopte a, Gouvènè Hochul te sekirize yon investisman kapital 500 milyon dola pou Konplèks Nonotech Albany, NY CREATES la pou relanse yon patenarya 10 milya dola epi mete Sant Litografi Wot NA EUV nan Konplèks la. Gouvènè a te anonse patenarya ak IBM, Micron, Applied Materials, Tokyo Electron, ak lòt lidè nan endistri semi-kondiktè a lane pase nan kad angajman li pou talbi yon sant mondyal pou fabrikasyon semi-kondiktè nan New York. Depi nouvo sant sa fini, l ap apiye lòt investisman ki lye ak semi-kondiktè pou fè New York akeyi premye Sant Litografi Wot NA EUV piblik nan Amerik Dinò a, sipòte kwasans alontèm ekonomi teknoloji New York la, epi kreye e konsève plizyè milye djòb dirèk, endirèk, ak sendika konstriksyon.

### **Prepare Nouyòkè yo pou Travay demen yo**

Bidjè a genyen ladan l tou yon investisman 200 milyon dola pou tabli yon Rezo pou Patenarya Fabrikasyon Avanse Rejyonal (One Network for Regional Advanced Manufacturing Partnerships, ON-RAMP) – yon rezo kat nouvo sant devlopman mendèv pou prepare Nouyòkè yo pu travay alavni yo. Pandan eta a ap kontinye atire biznis 21èm syèk nan endistri k ap grandi rapid tankou fabrikasyon semi-kondiktè yo, Sant ON-RAMP yo ap ofri kalifikasyon ak fòmasyon ki gen rapò ak fabrikasyon avanse epi ede ogmante opòtinite pou popilasyon ki defavorize yo. Pwogram nan ap konsantre sou kote ki estratejik, ki gen gwo enpak nan rejyon nò New York la, ki enkli yon etablisman bato nan Syracuse ke PDG CenterState la sipèvize.

### **Ogmante Siyati New York nan pwogram devlopman ekonomik yo**

Gouvènè Hochul te sekirize finansman pou kat faz sipleman nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi, NY Forward, FAST NY ak Restore NY – ki se siyati New York nan pwogram devlopman ekonomik yo pou favorize kwasans ekonomik nan tout eta a. Bidjè ofri 100 milyon dola pou yon lòt faz nan Inisyativ Revitalizasyon Anba lavi la, ki deja transfòme katye anba lavi yo an kominote dinamik kote pwochè jenerasyon Nouyòkè yo ap vle viv, travay epi elve fanmi yo. Se 10 REDC Eta yo k ap nonmen kominote k ap patisipe yo selon potansyèl transfòmasyon anba lavi yo. Yo bay chak kominote ki genyen finansman pou devlope yon plan investisman estratejik pou anba lavi la epi mete anplans pwojè kle k ap fè vizyon kominotè pou revitalizasyon an avanse.

Pou sipòte kominote riral New York yo, Bidjè a bay tou 100 milyon dola pou pwogram NY Forward la, ki fèt pou fè renesans anba lavil ki pi piti yo avanse. Menm jan ak pwogram DRI a, yo seleksyone kominote NY Forward yo nan patenarya ak REDC yo, epi Depatman Deta a (Department of State) ap dirije kominote a atravè yon pwosesis planifikasyon ki aleje pou devlope yon lis pwojè ki ka reyalize fasilman. Envestisman Eta a nan pwojè ki demontre kapasite yo pou akselere revitalizasyon an ap ranfòse konpetitivite epi amelyore pakou alavni ti kominote New York ak gwo sant iben yo.

Anplis, Bidjè a genyen ladan l 100 milyon dola pou finansse yon lòt faz pa ane pou pwogram Atraksyon Sible Pasèl New York ki Pare pou yo Mete yo nan Chantye (Focused Attraction of Shovel-Ready Tracts New York, FAST NY) lan. FAST NY ki te lanse an desanm 2022, te bay plis pase 175 milyon dola pou prepare 20 sit atravè rejyon Nò Eta a pou lanse chantye yo.

Gouvènè a te sekirize tou yon envestisman 50 milyon dola pou Restore NY, yon pwogram finansman konplè sou konpetisyon pou sipòte pwojè ki transfòme pwopriyete vid, abandone, ak kondane yo an sit ki adapte ki fè objektif kle tankou redevlopman anba lavil, planifikasyon ak rezistans litoral la, ak pwodiksyon lojman yo avanse.

### **Ranfòse sektè atistik ak kiltirèl yo**

Bidjè Ane Fiskal 2025 ki adopte a kontinye envestisman Gouvènè Hochul yo nan sektè atistik ak kiltirèl dinamik Eta a avèk 80 milyon dola nan nouvo finansman kapital pou pèmèt Konsèy Atistik Eta New York la (New York State Council) ofri yon seri sibvansyon adisyonèl pou pwojè tout gwosè, soti nan 50,000 dola rive nan 10 milyon dola. Bidjè a tabli tou de nouvo pwogram pou fasilite atis yo monte sou sèn nan kwasans ekonomik kontini Eta a – Kiltive yon Paradi pou Atis yo gras ak Penti sou Mi (Cultivating Havens for the Arts through Regional Murals, CHARM NY), k ap finansse konsepsyon ak enstalasyon penti sou mi nan kominote atravè New York yo; ak Pwogram Bousdetid “State of the Arts” la, k ap mete atis yo nan ajans Eta yo pou fè objektif politik piblik yo avanse atravè apwoch kreyatif.

### **Sipòte Antreprenè Imigran yo**

Gouvènè Hochul te angaje pou sipòte antreprenè imigran yo epi li te sekirize finansman pou ede Nouyòkè ki fèt aletranje yo fòje yon pakou pou vin pwopriyete biznis. Nan kad Bidjè a, Gouvènè a te tabli yon pwogram pou bay opòtinite pou antreprenè entènasyonal yo jwenn viza inivèsite yo patwone, kolabore ak inivèsite yo pou atire inovasyon, epi devlope konpayi k ap demare oswa ki nan stad demaraj yo nan New York. Pwogram nan ap bay sibvansyon konpetitif a jiska uit inivèsite rechèch ak kolèj pou fè pwogram nan fonksyone.

Gouvènè Hochul ap kreye tou yon Sant Antreprenè Vityèl pou Imigran, k ap sèvi kòm yon resous santralize pou enfòmasyon enpòtan ak sèvis ki enpòtan pou antreprenè imigran yo. Sant lan ap dirije itilizatè yo nan resous tankou aksè nan kapital ESD, asistans teknik, ak pwogram alèjman regilasyon; sèvis natiralizasyon, konsiltasyon legal, lang Anglè, alfabetizasyon dijital, ak sèvis devlopman mendèv Biwo pou Nouvo

Ameriken an (Office for New Americans); pwogram antreprenarya, akademik, devlopman mendèv ak angajman sivik SUNY; ak platfòm Business Express DOL la.

### **Kredi Enpo pou sipòte jounal ak djòb nan jounalis odyovizyèl**

Bidjè a genyen ladan I tou Pwogram Jounal ak Travay nan Medya Odyovizyèl (Newspaper and Broadcast Media Jobs Program), yon kredi enpo pou sipòte travay ki la deja ak nouvo travay nan sektè a. Gen 30 milyon dola ki disponib chak ane pou medya ekri ki kalifye ak konpayi odyovizyèl yo apati ane fiskal 2025 lan epi k ap pran fen an 2028. Chak biznis ki kalifye ka reklame jiska 300,000 kredi enpo, ak kredi k ap divize nan fason ki egal ant antrepriz ki gen 100 anplwaye oswa mwens ak antrepriz ki gen plis pase 100 anplwaye.

### **Ranfòse efò rekritman ak konsèvasyon yo ak refòm Nivo 6 la**

Pandan Eta a ak lòt anplwayè piblik yo kontinye ap fè fas ak difikilte pou mendèv, Bidjè Ane Fiskal 2025 ki adopte a genyen ladan I de refòm pou benefis retrèt pou manm Nivo 6 yo. De refòm yo se: chanje salè mwayen final dènye ane a pou detèmine benefis retrèt yon anplweye piblik soti nan senk ane youn apre lòt ki pi wo yo pou pase a twa ane konsekitif ki pi wo yo, epi pwolonje de ane lè siplemanchè yo fè ki pa ladan I yo lè yo detèmine pousantaj kontribisyon yon manm Nivo 6 nan benefis pansyon yo. Amelyorasyon sa yo nan benefis retrèt yon anplwaye gen objektif pu rekrite epi konsève yon mendèv piblik ki pi solid epi ki gen plis talan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)